

ISBN 978-9943-4464-4-1

«BILIM»

G. IBRAGIMOVA

# HAYWANLAR QAYSÍ TILDE SÓYLESEDI ?



Книга должна быть
Возврашена не позже
Указанного здесь срока

Количество предыдущих
выдач______________

| 28.03.22 | № 531 |
| --- | --- |

Gúlnara IBRAGIMOVA

# HAYWANLAR QAYSÍ TILDE SÓYLESEDI?

*(Zamanagóy ertekler hám ibratlı gúrrińler)*

Kishi jastaǵı mektep oqıwshıları ushın

NÓKIS
«BILIM»
2021

UOK 821.512.121-053.2
KBK 82.3 (5 Qar)
I – 20

G. Ibragimova
**Haywanlar qaysı tilde sóylesedi?** [Tekst]: (Zamanagóy ertek hám ibratlı gúrrińler). / –Nókis: «Bilim», 2021. –36 b.

Balalar jazıwshısı Gúlnara Ibragimovanıń bul toplamına kirgen shıǵarmalarınıń bir dúrkini burınnan málim erteklik motivler hám syujetlerdiń tiykarında jazılǵan. Ekinshi dúrkindegi gúrrińlerinde ibratlı hádiyseler sóz etiledi. Jazıwshı zamanagóy ertekleri hám ibratlı gúrrińlerinde balalardı sol shıǵarma waqıyasınıń ústinde oy júrgiziwge, onıń sheshimine óz múnásibetin bildiriwge shaqıradı.

Bul kishi mektep jasındaǵı oqıwshılarǵa arnalǵan shıǵarmalar balalardıń til baylıǵın ósiriwge hám aqıl-oyın rawajlandırıwǵa járdem etedi.

ISBN 978-9943-4464-4-1

© G. Ibragimova, 2021.
© «Bilim» baspası, 2021.

SHIMBAY RAYONI MA'LIMLEML KITAPXANA ORAYI
"15" 11 2021
№ 2021/16-107

## ZAMANAGÓY ERTEKLER

### TÍYÍN NEGE BÁRHAMA QUWANÍSHLÍ?

Toǵayda bir tıyın aǵashtan aǵashqa sekirip, oynap júr edi. Onı kórgen qasqır ańlıp turıp, bir jerge túskeninde «qıp» ettirip uslap aldı.

— Sen, shoshańbas, shaqalardı sıqırlatıp, meniń mazamdı alıp boldıń, — dedi qasqır tıyınǵa dápinip. — Sen nege tınım tappay, sekelekley bereseń? Házir «hap!» dep, eki jalmap, bir jutayın ba? — dep zerebesin úyirdi.



— Meni jemey-aq qoyıń?! — dep sorandı tıyın.
— Meniń sizge aytatuǵın bir sırım bar.

— Ol ne sır? — dep qızıqsınıp qaldı Qasqır.

— Siz meni bosatıń, men ana shaqada turıp sırımdı aytaman, — dedi tıyın qaraǵaydıń qol jeter jerdegi shaqasın kórsetip.

Qasqır tıyındı sol jaqın shaqaǵa otırǵızıp, qolın jazdırdı. Sonı kútip turǵan tıyın «lıp» etip onnan da joqarıdaǵı, qasqırdıń pánjesi jetpeytuǵın shaqaǵa sekirip shıǵıp aldı.

— Meniń saǵan aytajaq sırım sol, — dedi óziniń qáwipsizligine isenip alǵan tıyın, — barlıq haywanatlar ómirge quwanıp biliwi kerek. Sen bolsań, jawız niyetli bolǵanıń ushın hesh nársege quwanıp bilmeyseń. Hátte uslaǵan ańıńdı jep atırıp ta, bunı jep bolıp jáne kimdi awlayman, dep táshwishte bolasań. Men haq niyetli haywanman, toǵay maǵan azıq beredi. Sonıń ushın aǵashtan aǵashqa sekirip, bárha quwanıshlı jasayman.

Qasqır tıyınǵa hesh juwap ayta almay, awır gúrsindi.

## GÓZZALLÍQ

Baǵda ushıp júrgen gúbelek órmekshiniń qurıp qoyǵan awına túsip qaldı.

Bunı kórgen órmekshi onı jew ushın tez jetip kelip edi, biraq ol tordan qutılıwǵa urınıp





atırǵan gúbelektiń sulıwlıǵın kórip, hayran qaldı. Onıń qanatlarında aq, sarı, qızıl, kók reńler birbiri menen úylesip, qulpı dónip tur edi. Órmekshi onı jewge ayap, tordan bosatıp jiberdi.

— Endigi jaǵında kózińe qarap, abaylı bolıp ush, — dedi órmekshi gúbelekke. — Men seni sulıw bolǵanıń ushın bosatıp atırman. Biraq basqa órmekshiler seniń sulıwlıǵıńdı bahalamawı múmkin. Olar seni kózin jumıp turıp jep qoyadı.

— Raxmet, — dedi sulıw gúbelek sıńǵırlaǵan dawısı menen. Gózzallıqtı bahalap bilgen janzatlardıń ómiri quwanıshlı boladı. Men saǵan sonday quwanıshlı ómir tileymen!

## NAQÍLDÍ TÚSINGEN ARÍSLAN

Bir bala tıshqan toǵayda esalańday juwırıp júrip, bayterektiń túbinde jatırǵan arıslannıń murnına minip ketti. Buyıǵıp jatırǵan arıslan onı pánjesi menen qaǵıp uslap aldı.

— Sen nege meniń mazamdı alasań?! — dep aqırdı arıslan. — Házir pánjemdi qısıp jibersem, janıń shıbın bolıp gewdeńnen shıǵıp, ushıp ketedi!

— Ráhim etiń, ullı mártebelim! — dep jalındı bala tıshqan. Qısı menen inimizde qamalıp jatıp, keń dalaǵa shıǵıp, toǵayda erkin juwırıp júrgenim búgin edi. Bilmey siziń murnıńızǵa shıǵıp ketippen!

— Búgin sen murnıma mineseń, erteń inileriń murnıma minedi, — sizlerden ózi tınıshlıq bar ma?! — dep arıslan ashıwınan túspedi.

— Meniń ájemniń mınaday bir naqılı bar edi: «Iyneniń kózinen arqan ótpeydi, sabaq ótedi», degen. Meniń de bir waqları sizge paydam tiyip qalar, meni keshirip, bosatıp jibere qoyıń, — dep jalındı bala tıshqan.

Arıslan biraz oylanıp turıp, «meyli, jasay ber, óziń kishkentay bolǵan menen gápiń mánili eken» dep bosatıp jiberdi.

Sonnan bir kúnleri bala tıshqan jáne toǵaydıń ishinde alaquyın etip juwırıp kiyatırsa, bayaǵı arıslannıń duzaqqa túsip atırǵanın kórdi. Arıslan duzaqtan bosanaman, dep sharshaǵan edi, dimarı qalmay halıqlap jatır edi. Arıslan jalınıshlı kózleri menen tıshqanǵa qaradı. Bala tıshqan bul waqıtta biraz eseyip qalıp edi. Ol dárhal oylanıp turmay, arıslannıń ayaǵındaǵı shılbır duzaqtı tisi menen qıyıp basladı. Hápzamatta ótkir tisleri menen duzaqtıń jibin qıyıp tasladı hám ayaǵı bul bálemattan bosanǵanın kórgen arıslan, kózleri jaynap, jatqan ornınan turdı.

— Seniń ájeńniń aytqan naqılınıń mánisin endi túsindim, — dedi arıslan minnetdarshılıq penen. — Hesh bir janzattı ázzi dep xorlawǵa, kishi dep mensinbewge bolmaydı eken. Haywanlardıń patshası men ózimdi duzaqtan qutqara almaǵanda, kip-kirttay bolıp sen meni ájelden qutqardıń, — dedi.

Sonnan tıshqan menen arıslan ayırılmas dos bolıptı.

## KÓLBAQA MENEN BIRQAZANNÍŃ PIKIRI

Kóldiń boyında bir qopanıń ústinde otırǵan kólbaqa ózine qaray júzip kiyatırǵan úlken qustı kórdi. Onıń tamaǵınıń astı salbırap tur edi. Bul birqazan edi. «Mına qus

ana salınǵan tamaǵı menen mına kóldiń suwın ishіp qoymasa bolar edi,— dep uwayımladı ol.
— Kóldiń suwı qurıp qalsa, men qayda qıslayman?»

Birqazan da qopanıń ústinde jalpayıp otırǵan janzattı kórdi. «Mına bálemat ana mes qarnı menen mına kóldiń suwın ishіp qoymasa bolar edi. Kóldiń suwı qurıp qalsa, men qay jerde palapanlarımdı shıǵaraman?» — dep qayǵırdı ol.

Birqazan kólbaqanıń qasına júzip kelip:

— Sen kóp suw ishіp atırǵan joqsań ba? — dep soradı hóktem dawıs penen. — Mına kóldiń suwı qurıp qalmasın!

— Men seniń ana salbıraǵan tamaǵıńnan qorqıp turman! — dep juwap berdi kólbaqa. — Mennen burın sen bul kóldiń suwın ishіp tawısarsań, dep qorqaman.

Bular bir-birin sóz benen túyrep atırǵanda, olardıń tusınan bir topar adamlar eskekli qayıqta ǵawırlasıp óte berdi.

— Kóldiń suwına bizlerden kóp zıyan kele qoymas, — dedi birqazan. — Ana qayıqtaǵı maqluqlar jaman — kóldiń suwın qurtsa, solar qurtadı.

Kólbaqa birqazannıń pikiri menen keliskendey bolıp, basın tómen saldı.



## ANA ǴAMXORLÍǴÍ

Bir bala azanda toǵaydıń ishi menen kiyatırıp, torańǵıldıń óziniń boyınan sál joqarıraqtaǵı shaqasında qustıń uyasın kórip qaldı. Aǵashtıń túbine kelip qulaq túrip edi, uyadan palapanlardıń shúykildegen dawısları esitildi. «Házir aǵashtıń basına shıǵıp, palapanların alayın», — dep oyladı ol. Biraq usı waqıtta palapanlardıń anası balanıń aǵashqa órmelewge qolaylasqanın kórip, shır-pırı shıǵıp, onıń betiniń aldında usha basladı. «Usı qustı ǵana uslap alayın», — dep oyladı bala. Biraq qus balaǵa jaqın jerde ushqanı menen, uslatpay, toǵaydıń ishine tereńlep kete berdi. Usılay qolın sozsa uslaytuǵınday bolıp kóringen qustı uslawdıń háwesinde bala baǵanaǵı uyadan kóp alıslap ketti.

Bir waqları qarasa, ulıwma toǵaydıń qay jerinde turǵanlıǵın bilmey qaldı. Endi adasıp kettim, degen qorqınısh penen bala, qustıń izinen juwırǵanın qoyıp, qalıń aǵashlardıń arasınan shıǵıwdıń jolın izley basladı. Sonnan olay júrip, bılay júrip, kún kesh bolıp, qas qarayǵanda, zorǵa toǵaydıń shetine shıǵıp aldı.

Bala úyine kelip, toǵayda bolǵan waqıyanı anasına aytıp berip edi, anası oǵan:

— Áne, kórdiń be, aqıllı qus palapanların sennen qorǵap qalıw ushın, seni aldastırıp, uyasınan

alısqa alıp shıǵıp, toǵayda adastırıp jiberdi. Hár qanday ana perzentleri ushın otqa da, suwǵa da túsiwge tayar, hátte janın beredi. Seniń qustıń palapanların alaman degeniń — ántek is edi. Endi onday islerdi isleme. Eger sonnan sen toǵayda adasıp ketip, seni qasqır jep qoyǵanında — meniń halım ne keshetuǵın edi? Sen nege sol haqqında oylamaǵansań — hayranman. Hámme janzatlardıń da ǵamxorı anası boladı, sonı bárha yadıńda saqla, — dep aqıl-násiyatın ayttı.

## ADAM HÁM SHÍMSHÍQLAR

Jazdıń kúni edi. Bir adam baǵda jerdi tintkilep júrgen shımshıqlardı kórip, úyinen yarım buxanka nan alıp shıǵıp, usaqlap shasha basladı.

Sonda bir ana shımshıq:

— Háy otaǵası, házir bizlerge jemtik kóp ǵoy. Sen nege qıstıń kúnleri jer tońlap, dizeden qar jatırǵanda, bizler bir tislem nanǵa záriw waqtımızda, usılaytip nan bermediń? — dep soradı.

Adam shımshıqlarǵa hesh juwap bere almay qaldı.

«Awa, shımshıqtıń aytqanı durıs, bizler ózimizdiń janımız ráhátte waqıtta, basqa mashaqatlı turmıs keshirip atırǵanlardı umıtamız», — dep oyladı ol adam.



## QURQÍLTAYDÍŃ PALAPANÍ

Qurqıltaydıń palapanı baǵda ushıp júrip, bir aǵashtıń oyıǵında bekinip otırǵan úkini kórip qaldı.

— Way-buuw! — dedi qurqıltaydıń palapanı. — Seniń hár kóziń adamlardıń shay ishetuǵın kesesindey ǵoy!

Háy Qurqıltaydıń palapanı, sen balanıń shunatay barmaǵındaysań, nege meni ermeklep atırsań?! — dep qapa boldı úki.

Qurqıltaydıń balası úkiniń ózin kishkenesen degenine arı kelip, jılap jiberip, anasına ushıp keldi.

— Nege jılap keldiń? — dep soradı anası.

— Maǵan úki «balanıń shunatay barmaǵındaysań», dep ayttı, — dedi palapanı.

— Sen oǵan ne dep ediń?

— Men oǵan «kózleriń kesedey» dep edim...

— Áne, sen áwele onıń zeynine tiygenseń. Hesh waqıtta ózińdey janzattı ermeklewshi bolma. Sonda seni de hesh kim ermeklemeydi. Basqaǵa jaqsı sóz aytsań — jaqsı sóz esiteseń, namaqul sóz aytsań — namaqul sóz esiteseń, — dedi Ana qurqıltay.

Qurqıltaydıń palapanı baǵqa barıp, úkini tawıp alıp, onnan orınsız qılıǵı ushın keshirim soradı. Sonnan baslap bala qurqıltay basqa janzatlardı ermeklemeytuǵın boldı.

## HAYWANLAR QAYSÍ TILDE SÓYLESEDI?

Arıslanlar súyirshıbın joq, samal qaǵıp turatuǵın jerlerde jasaydı. Bir kúni Ana arıslan Ata arıslannan:

— Sen dúnyadaǵı barlıq nárseni bileseń be? — dep soradı.

— Awa, men dúnyadaǵı barlıq nárseni bilemen — sebebi men hámmeden kúshlimen, — dep juwap berdi Ata arıslan.

— Kólde súyirshıbın degen jánlik boladı, deydi, sen olardıń qaysı tilde sóylesetuǵının bileseń be? — dep soradı jubayı.



Ata arıslan Súyirshıbınlardıń qaysı tilde sóylesetuǵının yadına túsirmekshi bolıp, oylanıp kórdi, biraq hesh yadına túsire almadı. Sonnan ol bir aqırıp, óz uyasınıń xızmetkeri qara ayıwdı shaqırdı.

—Ayıwbay, sen maǵan kólde bolatuǵın Súyirshıbınlardıń qaysı tilde sóylesetuǵının bilip kel! — dep tapsırma berdi. Qara ayıw bolsa, óziniń xızmetkeri kókjal qasqırdı shaqırıp, tapsırmanı oǵan ótkerdi.

Tapsırma alǵan qasqır kóldiń boyına kelip, dawısın sozıp bir ulıp, kólbaqanı shaqırdı. «Lábbay, aǵa, ne xızmet?» — dep juwırıp kelgen kólbaqaǵa: «Sen maǵan Súyirshıbınlardıń qaysı tilde sóylesetuǵının bilip ber!» — dep tapsırma berdi.

Kólbaqa sol jerde ushıp júrgen bir súyirshıbındı uslap alıp:

— Haywanlardıń patshası arıslan sizlerdiń qaysı tilde sóylesetuǵınıńızdı bilmekshi eken, al, sizler ózi qaysı tilde sóylesesizler? — dep sorawǵa tuttı.

Sonda Súyirshıbın:

— Bizler mına tilde sóylesemiz, — dep «dız-z-z-z...» degen dawıs shıǵardı.

Kólbaqa kóldiń jaǵasında ózin kútip turǵan kókjal qasqırǵa kelip, «Súyirshıbınlar mına tilde sóylesedi eken», dep, óziniń dawısı menen «Warq! Warq» — dedi.

Bunı esitken qasqır ayıwǵa kelip:

— Súyirshıbınlar mına tilde sóylesedi eken, — dep, óziniń dawısına salıp, «Waw-w-w!» dep ulıp berdi.

Patshanıń tapsırmasın orınlaǵan qara ayıw endi mardıyıp arıslannıń uyasına keldi. Inniń awzında Ana arıslan jatırǵan eken.

— Ayıwbay, ne jumıs penen kelip ediń, xojeyin uyqılap atır, — dedi Ana arıslan.

Ayıw:

— Men húkimdarımızdıń keshegi tapsırmasın orınlap, kólde jasaytuǵın súyirshıbınlardıń qaysı tilde sóylesetuǵının bilip keldim, — dep óziniń dawısı menen aqırıp kórsetti. Sonnan keyin ayıw ketip qaldı.

Ata arıslan oyanǵannan soń jubayı oǵan qara ayıwdıń keshegi tapsırmanı orınlap kelgenin xabarladı.

— Al, súyirshıbınlar qaysı tilde sóylesedi eken? — dep soradı Ata arıslan.

Sonda Ana arıslan:

— Súyirshıbınlar da biziń tilimizde sóylesedi eken, — dep, óziniń dawısı menen aqırıp berdi.

— Durıs, barlıq jerde ázzi haywanlar kúshli haywanlardıń tilinde sóyleydi, — dep Ata arıslan bul waqıyaǵa bánt bastı.





## TAS HÁM BULAQ

Qara úydin qaramınday úlken tastıń túbinen bulaqtıń kózi ashılıp, ıldıyǵa qaray jılǵa bolıp aǵıp atır edi.

Jerdiń astınan sızatlanıp shıqqan suw tamshıları giddiman tasqa sıńǵırlaǵan dawıs penen «Sálem!» — der edi.

— Ne deyseń? — dep qayta soraydı giddiman tas.

— Sálem! — dep sıńǵır etedi bulaqtıń kózi.

— Túsinbey atırman, ne dep atırsań? — dep qayta soraydı giddiman tas.

Jáne suwdıń xoshkewilli sıldırlısı esitiledi.

— Hesh seniń aytqanıńdı túsine almayman, — deydi giddiman tas túbinen atlıǵıp shıǵıp turǵan iyneniń kózindey suw aǵısına.

Jańa tas penen sóylesken tamshı aǵısqa qosılıp, tómen qaray jumalap ketti. Jerden sızatlanıp shıǵıp atırǵan hár jańa tamshı tasqa sálem beredi.

Al, tas bolsa, jáne bulaqtıń sózine túsinbey qaytalap soray beredi.

Adamlardıń ómirinde de kóp ǵana názik nárseler kópshilik tárepinen túsinilmey qala beredi.

## PÍSHÍQ HÁM SABAQLAWLÍ IYNE

Bir bar eken, bir joq eken, burıngı ótken zamanda bir jarlı hayal bolǵan eken. Onıń otınshı kúyewi ústine giddiman qaraǵay aǵashı qulap, qaytıs bolıp qalǵan edi. Biyshara hayal shım-shırqaday úsh balası menen jesir qalıptı. Endi ǵamxorshısız — qáwendersiz úsh balanı kele qılıw kerek bolıptı. Hayal hár kúni toǵaydan shópshek jıynap, onı bazarǵa aparıp satıp, sonıń menen balalarına keshte jegendey azıq-awqat alıp keledi eken.

Hayal bir kúni toǵaydan otın arqalap kiyatırsa, aldınan bir mıyawlaǵan dawıs shıǵıptı. Arqasındaǵı otınnıń tırmıshın jazdırıp, túsirip, barıp qarasa,





aldındaǵı putanıń túbinde qabırǵası say-say bolıp qalǵan arıq pıshıq mıyawlap otırǵan eken. Túrinen pıshıq awırıwǵa uqsaydı. Hayal pıshıqtı qoynına salıp, qaytaldan otının arqalap úyine kelipti. Pıshıqtı úyine taslap, otının bazarǵa alıp shıǵıptı.

Otındı satıp, azıq-awqat alıp úyine kelse, pıshıq sol peshtiń quwısına jatqızıp ketken jerinde qıymıldamay, balaları aldına qoyǵan sútti de ishpey jatırǵan eken. Pıshıqtıń nawqas ekenligi anıq edi.

Jesir hayal hám onıń balaları bir neshe kún pıshıqtı jaqsı kútipti, ıssı sútke nan tuwrap beripti.



SHIMBAY RAYONI MA'LIMLEME KITAPXANA ORAYI
"15" 11 2021
№ 2021/16-107

Aradan bir hápte shaması ótkennen soń pıshıq awırıwınan jazılıp, júnleri jıltırap, mıyawlaǵan dawısı da tándar shıǵa baslaptı. Usılay bir ay shaması bul úyde jasaǵan pıshıq bir kúni ózinen ózi joq bolıp ketipti.

Balalar ózleri bawır basıp qalǵan pıshıqtı úydiń qasınan, putalardıń túplerinen izlep, aqırı taba almay, joqlawın asırıp qoyıptı.

Sonnan bir kúni hayal ádettegidey toǵaydan otın arqalap kiyatırsa, bayaǵı awırıw pıshıqtı tawıp alǵan jerinde bir aqshashlı kempir otırıptı. Kempir hayaldı qolın bılǵap shaqırıptı, qasına barǵan waqıtta qolına sabaqlawlı iyne uslatıp, dım úndemey qalıń aǵashlardıń arasına kirip ketipti. Hayal hesh nársege túsinbey, sabaqlawlı iyneni jaǵasına shanshıp, úyine kelipti. Kúndegidey jıynaǵan otının bazarǵa alıp shıǵıp satıptı. Keshte balaların awqatlandırıp bolıp, bayaǵı kempir bergen sabaqlawlı iyneni jaǵasınan alıp, qarshınnıń ústine shanshıptı. Sonnan hámmesi uyqıǵa jatıptı. Hayal azanda hámmeden burın oyanıp, qaptalına kóz salsa, qarshınnıń ústinde úsh kóylek turıptı. Barlıǵı da taza bózden sulıw etip toqılǵan. Sonnan balaların oyatıp, kóyleklerdi olarǵa kiygizip kórse, úshewiniń de boylarına shap-shaq kelipti. Al, sabaqlawlı iyne sol ózi qarshınǵa shanıshqan jerinde turıptı.



Ekinshi kúni azanda tap sonday bolıp balalarına shalbarlar tigilip turǵan eken. Úshinshi kúni barlıǵına beshpentler tayın bolıp turıptı.

Sonnan burın kiyimleri ábiger jesir hayaldıń balaları jıllı hám sulıw kiyimler kiyip, shırayları shıǵıp qalıptı.

Álbette, hayal hám onıń balaları bul ózi kiyim tigip shıǵaratuǵın sabaqlawlı iyneniń bayaǵı pıshıqtıń sawǵası ekenligin túsindi.

Shaması, ol pıshıq bolıp bulardıń úyine kelip, bulardıń kútimi arqasında nawqasınan táwir bolıp ketken toǵay perisi bolsa kerek.

Bunnan soń sabaqlawlı iyne hayaldıń ózine de ájayıp kiyimler toqıp beripti. Hayaldıń hám balalarınıń ústindegi jaqsı kiyimlerdi kórgen qońsıları hám basqa da awıl adamları onnan usınday kiyim toqıp beriwdi ótinish ete baslaptı. Kim sol kúni qanday kiyim buyırsa, erteńine azanda sol kiyim hayaldıń qarshınınıń ústinde tayın bolıp turar edi.

Jesir hayal endi shópshek tergendi qoyıp, kiyim satıp, sol átiraptaǵı ataqlı tiginshi atanıp, júdá bayıp ketipti.

Biraq, jesir hayal da, onıń balaları da bul baylıqqa asqınlamay, adamlarǵa qayır-saqawatlı, miyirman bolıp, awıllasları menen jaqsı múnásibette turmıs keshiripti.

## DÁRYADAN AMAN ÓTKEN JOLAWSHÍNÍŃ HIKMETI

Jer júzin sharlap, sayaxat etip júrgen eki jolawshınıń aldınan bir dárya shıqtı. Olar oyaq-buyaǵına ser salıp qarasa, bul jaqın arada kópir de joq, adamlardı ótkerip turǵan qayıq ta kórinbeydi.

Bular ullı shólistandı kesip ótip, azıq-awqatların tawısıp kiyatır edi. Arǵı jaǵada jap-jasıl toǵaylıq, onıń arasında morısınan tútin shıǵıp turǵan úyler kórinedi. Bular qalay bolmasın arǵı jaǵaǵa ótip, jan saqlawdı oyladı. Eger házir usı qızıw pát penen suwdan ótip qalmasa, otırıp qalsa, sońınan haldan tayıp, dáryadan óter shaması bolmaslıǵı sezilip tur edi. Sonnan olar «nartáwekel», dep, dáryanı keship óte basladı.

Olar dáryanıń ortasına jetken waqıtta dawıl turıp, olardıń ústine keldi. Sonda jolawshılardıń birewi arqasına tańǵan bos jolqapshıǵı birden ishine tas jıynalǵanday awır tartıp, suwǵa shóge baslaǵanın sezdi. Al ekinshi jolawshı birden boyı jeńil tartıp, iyrimli aǵısqa ırq bermey, arǵı jaǵaǵa erkin júzip baratırǵanın sezdi.

Dawıl ótip ketken waqıtta jolqaltasına tas tolıp atırǵanday bolıp sezilgen jolawshı suwdıń astına ketip, ǵarq bolǵan edi. Al dawıl ózine jeńillik baǵıshlaǵan jolawshı arǵı jaǵaǵa shıǵıp aldı.



Aman qalǵan jolawshı biraz waqıt joldasın kútip turdı, sońınan tómenge biraz jerge deyin barıp, onı izledi, biraq joldasınıń dáregi shıqpadı.

Sonnan ol sol jaǵadaǵı awılǵa kelip, awıldıń kósemine bolǵan waqıyanı aytıp berdi.

— Sizler dáryadan ótip atırǵanda ústińizge kelgen dawıl tegin dawıl emes edi, ol — Qudanıń názeri edi, — dedi oǵan bul qáwimniń danıshpan kósemi. — Seniń qasıńdaǵı adamnıń Tańirdiń aldında gúnaları kóp edi — sol gúnaları tas bolıp jolqaltasına tolıp, onı suwdıń astına alıp ketti. Sen ómir boyı ózime bolmasa da, basqalarǵa bolsın, dep jasap kiyatırǵan pákize adam ekenseń — sonıń ushın Quda saǵan qıyın jerde mádet berip, dáryadan aman óttiń, — dedi.

Mine, adamnıń jaqsı isleri onı hár qanday awır qıyınshılıqlar hám sınaqlardan aman alıp shıǵadı eken.

## SÍYQÍRLÍ JÚZIK KIMGE MIYRAS BOLÍP QALDÍ?

Bir adam qartayıp, barlıq ómir boyı jıynaǵan mal-múlklerin úsh ulına bólip beripti. Ózine tek bir sıyqırlı júzigin alıp qalıptı. Bul júzikti qolına taqqan adam, aldında kútip turǵan waqıyalardı sol júziktiń gáwhar qasınan kóre aladı eken.

— Men sizlerdi sınayjaqpan, — deydi atası. — Sizler házir sayaxatqa shıǵıp ketińler. Bir jıl dawamında el geziń, jaqsı-jamandı kóriń. Qolıńızdan kelgeninshe adamlarǵa qayırlı isler qılıń. Bir jıldan soń qaytıp kelip, qay jerde qanday qayırlı is etkenlerińdi aytıp kelińler. Qay birińizdiń etken qayırlı isińizdi aǵla, dep tapsam, bul sıyqırlı júzikti soǵan beremen, — dep tapsırma beripti.

Sonnan ulları úsh tárepke qaray sayaxatqa shıǵıp ketipti.

Aradan bir jıl ótip, úsh ulı atasınıń aldına qaytıp kelipti.

Dáslep úlken ulı óziniń islegen qayırlı isi tuwralı aytıp beripti.

— Maǵan bir bay hesh qanday tilxatsız bir shekiyne altın berip edi. Bul tuwralı sol bay menen ekewimizden basqa hesh kim bilmeytuǵın edi. Bir kúni sol bay tosattan qaza qıldı, men sol bir shekiyne altındı, marhumnıń maǵan isenimine qılaplıq qılmay, onıń hayalına aparıp berdim, — depti.

— Ulım, sen júdá maqtaǵılıq qayırlı is etipseń, — dep xoshametlepti atası úlken ulın.

Ortanshı ulı aytıptı:

— Men aǵısı kúshli dáryanıń boyı menen ketip baratır edim. Tosattan bir jas balanıń suwǵa ketip baratırǵanın kórip qaldım. Hesh oylanıp turmay,



ózimdi suwǵa atıp, sol balanı qutqarıp qaldım, — deydi ortanshı ulı.

— Durıs is qılıpsań, — deydi atası, — óz ómirińdi qáwip astına qoyıp, birewdi ólimnen qutqarıp qalǵanıń — maqtawǵa arzırlıq qayırlı is, — deydi.

Endi genje ulına gezek kelipti.

— Men toǵaydıń ishi menen ketip baratır edim, — depti genje ulı, — eki qaraqshınıń bir jolawshını tonap atırǵanın kórdim. Men ol adamdı tanıdım — ol maǵan burınları kóp jábir bergen zalım adam edi. Biraq, men hesh oylanıp turmay, qılıshımdı alıp qaraqshılarǵa topıldım, sonnan sol dushpanım menen birge ekewlep ol qaraqshılardı jeńdik, — deydi genje ulı.

— Ulım, beri kel, — deydi atası genje ulına, hám onı qushaqlap, beti-júzinen súyedi. — Sen haqıyqatında da ullı qayırlı is islediń, — deydi. — Sen ádalatsızlıqqa ushıraǵan dushpanıńdı keshirip, ádalat ushın mártlik is ettiń. Bunnan artıq qayırlı is bolmaydı.

Sóytip ol sıyqırlı júzigin genje ulına miyras etip beripti.

Bul danıshpan ǵarrınıń úsh ulı da ózleriniń qayırlı isleri menen at shıǵarǵan zamanınıń abıraylı adamları bolıptı.

## MIYRIM KÚSHI

Bir kúni quyash penen samal qaysımız kúshlimiz, dep tartısıp qalıptı.

Olar tómenge qarasa, jerdiń betinde bir jolawshı ketip baratırǵan eken. «Házir sen qarap tur, — depti samal, — men onıń ústindegi shekpenin bir degende sheship alaman».

Sóytip samal zerebesin úyirip, jerge kúshli dawıl bolıp túsipti, jerdiń tozańı, shóp-sharları dawıldıń epkininen aspanǵa kóterilip, jolawshı joldı kóre almay qalıptı. Biraq ol báribir belin qattı buwıp, joldıń súrdewin alıp, alǵa júre beripti.

Jolawshınıń ústindegi shekpenin sheshe almaslıǵın kórgen samal, bultlardıń ústine shıǵıp, eńirep jılap jiberipti. Al, jerdiń betindegi jolawshı bolsa, mıyı shıǵıp atırǵan batpaqlı jol menen, ústi malpaq-salpaq bolsa da, sol alǵan baǵdarı menen jolın dawam ete beripti.

Sol waqıtta samaldıń jeńilgenin kórgen quyash, jerge óziniń miyrimli nurların jiberip, jolawshınıń boyına dińke endiripti. Quyashtıń jarqırap turǵanın kórgen jolawshı, ústindegi shekpenin sheship, bir jıńǵıldıń putasına keptiriw ushın jayıp qoyıptı. Ózi de sol jerde otırıp, jolqaltasınan nan alıp jep, gúzesinen suw iship, hállenip alıptı.



Solay etip, bul tartısta ǵázepli samaldı miyrimli quyash jeńip shıǵıptı.

Adamlar da ashıw-ǵázep penen iyeley almaǵan jetiskenliklerine jumsaqlıq hám miyirmanlıq penen erise aladı.

## GÓNE GEWISHTIŃ BAXÍTÍ

Joldıń shetindegi salmanıń boyında eski gewish jatır edi.

Kúnler, hápteler, aylar boyı góne gewishke hesh kim dıqqat awdarmadı: ol jawınǵa jawrap, kúnge kúyip, qumǵa kómilip jata berdi. «Usılay tamam bolǵanım shıǵar, — dep oyladı góne gewish. — Endi meniń hesh kimge keregim joq».

Bir saparı gewishtiń qasınan juwırıp ótip baratırǵan tıshqan irkilip:

— Sen nege meniń jolımda jalpayıp jatırsań? Bılayıraq shetke shıǵıp jatsań-o! — dep jekirindi.

— Tıshqanjan, meni keshir meniń qozǵalatuǵın shamam joq, — dedi góne gewish gúrsinip. — Saw waqtımda qansha jollardı basıp óttim — endi dińke-dimarım qalmadı.

— Nege bul jerde jatırsań? — dep soradı tıshqan.

— Tozıp qaldım, sonıń ushın meni taslap jiberdi, — dedi gewish.

— Demek endi seniń hesh kimge keregiń bolmaǵanı ǵoy?

— Awa, solay boladı-dá, — dep awır gúrsindi góne gewish. — Endi meniń burıngı iyeme de, basqalarǵa da hesh keregim bolmay qaldı.

— Áne, kórdińiz be, kerek emes nárselerdiń barlıǵı usı meniń jolımnıń ústinde jatadı! — dep tıshqan óz jolı menen ketti.

Góne gewish sol jatqan jerinde jata berdi. Qıs kelip, kún suwıttı, qar jawdı. Gewish qardıń astında qaldı. Kóp qıyınshılıq penen qıs ótti. Kún jılıp, qarlar eriy basladı. Salmadan suw aǵıp, eki boyına shópler kógerip shıǵa basladı.

«Pútkil tábiyatqa jan enip atır, — dep muńaydı góne gewish, — al men bolsam, hesh kimge keregim bolmay, ele salmanıń boyında jatırman».

Sol waqıtta qısı menen uyqılaǵan tıshqan ininen shıǵıp, onıń qasına keldi.

— Haw, sen ele bayaǵı jatqan jerińde jalpayıp jatırsań ba? — dep soradı ol kekesinli.

Góne gewish ústinen ıssı ininiń puwı shıǵıp, júnleri jıltırap turǵan tıshqanǵa ujıbatlı juwap qaytara almas edi.

Qaptalında ósip atırǵan shópler tez arada góne gewishti qaplap ketti. Endi onı joldan kóriw qıyın edi. Bir kúni eki shımshıq shóplerdiń arası menen qurt-qumırsqa izlep kiyatırıp, góne gewishtiń ústinen shıqtı.



— Haw, mınaw bir átiyaj nárse eken, — dedi Ana shımshıq. — Usıǵan uya salsaq — qatıp keter edi.

— Dup-durıs, — dedi jubayı Ata shımshıq, — ózi shóplerdiń arasında basqalarǵa kórinbeydi eken. Qara, qasnaǵı da bar eken, palapanlarımızdı jawınnan qorǵaydı.

Shımshıqlar gewishtiń ishine kirip qalǵan samtıqlardı tazalap, taza shóp tósep, áp-ánedey uya dúzetip aldı.

«Ájayıp uya boldı! — dep quwanıstı shımshıqlar. — Qanday ájayıp gewish!»

«Mınalar meni maqtap atır ma? Uyattaǵı-ay!» — dep óz-ózinen qısındı góne gewish.

Tez arada Ana shımshıq jıllı hám qáwipsiz uyada máyekler tuwıp, ǵurıq bastı. Bir hápteden soń máyekler jarılıp, ishlerinen sap-sarı palapanlar shúykildesip shıǵa basladı. Atası azanlı-kesh jubayına hám palapanlarına jemtik tasıw menen mashǵul boldı.

Endi hesh jawın-shashınlı, shań-tozańlı kúnler eski gewishtiń ishindegi uyaǵa qáwipli emes edi.

Góne gewish bul dúnyadaǵı usınday ájayıp janzatlardıń paydasına jaraǵanına shennen tıs baxıtlı edi.

# IBRATLÍ GÚRRIŃLER



## KELESHEK USHÍN EGILGEN ALMA NÁLI

Bir ǵarrı úyiniń qasına alma nállerin otırǵızıp atır edi. Onıń tınımsız is-háreketlerin baqlap otırǵan biytalap qońsısı:

— Basıń isken ǵarrı ekenseń óziń. Bul náller erjetip, miywe beremen degenshe, sen óziń barsań ya joqsań, — dep ǵarrınıń ústinen kúldi.

Baǵman ǵarrı qońsısınıń namaqul gápine bılay dep juwap berdi:



— Men jemesem aqlıqlarım jeydi, atamızdıń kózi dep qásterlep tárbiyalaydı. — Ol usını ayttı da, jumısın dawam ete berdi.

Bul waqıyanı kórgen Gúlnur ájesiniń «biykar otırǵansha, biykar isle» degen naqılın yadına aldı.

## SARÍ PÍSHÍQTÍŃ QUWANÍSHÍ

Murat aǵa taza mashina satıp aldı. Ol mashinasın háwlisinen shıǵarıp, kóshege túsip, gazdi qattıraq berip jiberip edi, mashina zuwlap ketti. Usı waqıtta óziniń sarı pıshıǵı mashinanıń aldınan juwırıp shıǵıp qaldı. Murat aǵa pıshıqtı basıp almaw ushın ruldi shetke burıp jiberip, mashinası kóshedegi baǵanaǵa barıp urıldı.



Mashinanıń astına túspey aman qalǵan pıshıq, baǵanaǵa urılıp, aldı japırılǵan mashinadan aqsańlap shıǵıp kiyatırǵan Murat aǵaǵa qızıǵıwshılıq penen qarap turdı.

Murat aǵa kelip pıshıqtı qolına alıp, betine bastı.

— Sál bolmasa seni basıp alayın, dedim ǵoy, — dedi ol pıshıǵına miyirmanshılıq penen.

Al, pıshıǵı bolsa, tili menen onıń betin jaladı. Pıshıq óziniń ólimnen aman qalǵanın túsinbes edi, biraq iyesiniń ózin ayap hám erkeletip atırǵanın túsindi. Iyesiniń quwanıshı — onıń quwanıshı edi.

## USLANBAǴAN BALÍQ

Jánibek Qızketkenge qarmaq salıwǵa ketip, bos qaytıp kiyatırǵan ájaǵası Temirbekten soradı:

— Ájaǵa, sen qarmaq salıwǵa ketip ediń ǵoy. Nege balıqsız qaytıp kiyatırsań?

— Bir shortan balıq uslap edim, ol mennen suwǵa qaytıp jiberiwimdi soradı. Sonnan keyin men onı suwǵa qaytıp jiberdim.

— Ótirik aytasań, balıqtıń tili joq, ol sóyley almaydı.

— He onda. Balıq maǵan suq barmaǵın kórsetip, men saǵan házir qudaydıń ne salǵanın kórsetemen dep qorqıttı. Qorqqanımnan balıqtı suwǵa jiberip qoydım.



— Ájaǵa, taǵı ótirik aytıp tursań, balıqtıń barmaqları joq.

— He onda balıq maǵan qarap dápinip, ayaqların tepsindi. Men qorqıp kózimdi jumıp qalǵanımda, balıq ózi qarmaqtan shıǵıp, suwǵa túsip, júzip ketti.

— Ótirik aytasań, balıqtıń ayaǵı joq. Írasıńdı aytsa, ájaǵa, nege balıq uslamay kiyatırsań?

— Írası mınaw, bir balıq uslap edim. Onıń sóyleytuǵın tili, maǵan qarsılasatuǵın qolı, mennen qashıp ketetuǵın ayaǵı joq ekenin kórip, usınday qorǵanıshsız janzattı qarmaq penen awzın jırtıp uslaǵanıma ókinip, onı ayap, awzın jaralamay qarmaǵımdı suwırıp alıp, suwǵa qaytıp jiberdim.

## ÓZ ISINEN UYALǴAN BALALAR

Balalar jawınnan soń joldıń boyında oynap atır edi. Joldı jaǵalap ósip turǵan shóplerdiń arasınan bir qurbaqa shıǵıp, oydım jerleri suwǵa tolıp, batpaqlanıp qalǵan joldı kesip óte basladı.

Qurbaqanı kórgen balalar, qollarına ilingen shóp-shıbıqlardı alıp, qurbaqanı túrte basladı. Birewi basına túrtip keyinge qaytarajaq bolsa, ekinshisi artınan túrtip alǵa júrgizejaq bolıp atır. Qurbaqa sekirip, bul ján-jaǵınan tiyip atırǵan shópler-shıbıqlardan qutılajaq boladı, biraq balalar jónsiz isin dawam ete berdi.



Usı waqıtta ol jerge at jegilgen arba kelip qaldı. At batpaq jolda arba tartıp, júdá harıp-sharshap, boldırǵan edi. Balalar joldıń shetine shıǵıp, attıń ya arbanıń dóńgeleginiń qurbaqanı basıp ótiwin kútip turdı.

At batpaqtan ayaqların zorǵa kóterip kiyatırsa da, qurbaqanı baspay ótip ketti. Arbanıń dóńgelekleri de ornınan qıymılday almay atırǵan qurbaqanı baspay ótti.

Bunı kórgen arbakesh:

— Qansha sharshap kiyatırsa da, qurbaqanı baspay ótkenine qara jániwardıń. Janlı zattıń janlı zattı ayap atırǵanına qarań! — dedi.

Bul waqıyanıń gúwası bolǵan balalar islegen jónsiz isine uyalısıp, dım úndemey tarqasıp ketti.

Endi olar janlı maqluqqa azar bermesine isengim keledi.



## DINARANÍŃ KIRPITIKENI

Dinaranıń asırandı kirpitikeni bar. Ol bir saparı doslarına:

— Men kirpitikenimniń atın Sheberxan dep qoydım. Ol maǵan keste tigip beredi, — dep maqtandı.

— Kirpitikenińniń tikken kestesin bizler de kóreyik, — dep ótindi dosları.

Álbette, Dinaranıń doslarına kórsetetuǵın kirpitiken tikken kestesi joq edi.

— Meniń Sheberxanım dım qızǵanshaq, — dep jol taptı Dinara. — Ol tikken kestesin mennen basqa hesh tiri janǵa kórsetpeydi.

Sol waqıtta kirpitiken aldıńǵı ayaqları menen tikenlerin sıypay basladı.



— Ol ne qılıp atır? — dep soradı doslarınıń biri Jasmina Dinaradan.

—Keste tigetuǵın iynesin ústindegi iyneleriniń arasına jasırıp qoyıp edi, sonı tabalmay atır, — dep juwap berdi Dinara.

## SHAHSÁNEMNIŃ SANAWLÍ KÓZJASLARÍ

Ájesi aqlıq qızı Shahsánemniń jılap turǵanın kórip onnan:

— Sen nege jılap tursań? — dep soradı.

— Pıshıǵımdı joytıp aldım, — dep juwap berdi Shahsánem.

— Soǵan da jılaw kerek pe? Pishiǵiń joǵalmaǵan shıǵar, bir jerlerde júrgen shıǵar. Azıraqtan qaytıp keledi. Sen bunday nárselerge jılawshı bolma. Adamnıń kóz jasları sanawlı boladı. Eger sen házir jılap-jılap kózińdegi jaslardı tawısıp qoysań, erteń qolıńdı pıshaq penen kesip alsań — jılawǵa kózińde jas bolmaydı.

— Nege qolımdı kesip alsam jılawım kerek?

— Jılaǵan dawısıńdı esitip, apań kelip, kók shaydıń untaǵın salıp, bint penen tańadı. Ol bir-eki kúnnen jazılıp ketedi.

— Onda men úlkeygenshe pıshaq uslamayman, áje!

— Bul gápiń durıs, qızım!



## MAZMUNÍ

### ZAMANAGÓY ERTEKLER

Tıyın nege bárhama quwanıshlı? ... 3
Gózzallıq ... 4
Naqıldı túsingen Arıslan ... 6
Kólbaqa menen birqazannıń pikiri ... 7
Ana ǵamxorlıǵı ... 9
Adam hám shımshıqlar ... 10
Qurqıltaydıń palapanı ... 11
Haywanlar qaysı tilde sóylesedi? ... 12
Tas hám bulaq ... 15
Pıshıq hám sabaqlawlı iyne ... 16
Dáryadan aman ótken jolawshınıń hikmeti ... 19
Sıyqırlı júzik kimge miyras bolıp qaldı? ... 21
Miyrim kúshi ... 23
Góne gewishtiń baxtı ... 24

### IBRATLÍ GÚRRIŃLER

Keleshek ushın egilgen alma náli ... 28
Sarı pıshıqtıń quwanıshı ... 29
Uslanbaǵan balıq ... 30
Óz isinen uyalǵan balalar ... 31
Dinaranıń kirpitikeni ... 33
Shahsánemniń sanawlı kóz jasları ... 34

GÚLNARA IBRAGIMOVA

# HAYWANLAR QAYSÍ TILDE SÓYLESEDI?

*(Zamanagóy ertekler hám ibratlı gúrrińler)*

«Bilim» baspası
Nókis – 2021

Redaktor *Z. Oserbaeva*
Kórk. redaktor *I. Serjanov*
Operator *G. Serimbetova*

**Licenziya: AI №108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul**

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 12.07.2021. Formatı 60×84 $^{1}/_{16}$. «Times KRKP» garniturası. Kegl 14. Ofset baspa usılında basıldı. Kólemi 2,25 b.t. 2,09 shártli b.t. 3,0 esap b.t. Nusqası 2200 dana. Bahası shártnama boyınsha. Buyırtpa №448.

Qaraqalpaqstan Respublikası Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar basqarması.
«Bilim» baspası. 230103. Nókis qalası,
Islam Karimov gúzarı, 111-jay.

**Elektron mánzil: bilim.baspa@bk.ru**

JSHJ «NISO POLIGRAF»ında basıp shıǵarıldı. Tashkent oblastı, Orta Chirchiq rayonı, «Oq ota» KFY, p. Mashal, Markaz kóshesi, 1.